Хэгъэгу пстэуми япролетариехэр, зы шъухъу!

# Социалистическэ АДЫГЕЙ

Къыдэкl. я 19 илъэс
1945 илъэс
Июным и 24
Тхьаумаф
№ 68 (3854)
Ыуасэ ч. 20

ВКП(б)-м И АДЫГЭ ХЭКУ КОМИТЕТРЭ ТРУДЯЩХЭМ ЯДЕПУТАТХЭМ ЯХЭКУ СОВЕТРЭ ЯГГАН

## ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЫМ и ПРИКАЗ

Отечественнэ зэошхом Германием зэрэщытекIуагъэхэр щытхъу хэлъэу гъэунэфыгъэным фэшIы, 1945-рэ илъэсым июным и 24-м Москва, Красная Площадым Действующэ Армием, Военнэ-Морской флотым ыкIи Московскэ гарнизоным ядзэхэмэ япарад—ТЕКIОНЫГЪЭМ ИПАРАД щыIэнэу сэгъэнафэ.

Парадым къыращэлIэщтхэр: фронтхэм ясводнэ полкхэр, Обороным и Наркоматэ исводнэ полк, Военнэ-Морской флотым исводнэ полк, Военнэ Академиехэр, военнэ училищхэр ыкIи Московскэ гарнизоным идзэхэр.

ТекIоныгъэм ипарадэ принимать зышIыщтэр сэ сизаместителэу Советскэ Союзым и Маршалэу ЖУКОВ.

ТекIоныгъэм ипарад командовать фэзышIыщтэр Советскэ Союзым и Маршалэу РОКОССОВСКИЙ.

Парадыр зэхэщэгъэнымкIэ общэ руководствэр Московскэ Военнэ Округым идзэхэмэ якомандующэу ыкIи къалэу Москва игарнизоны иначальникэу генерал-полковникэу АРТЕМЬЕВЫМ ыпшъэ исэлъхьэ.

*Верховнэ Главнокомандующэр*
*Советскэ Союзым и Маршалэу* ***И. СТАЛИН.***

Июным и 22-рэ 1945-рэ илъэс.
№ 370.

## Iэшэ шIыным и Народнэ Комиссариаты и Уральскэ Артиллерийскэ заводэу И. В. Сталиным ыцIэкIэ щытыр Отечественнэ заом иорденэу а 1-рэ степенымкIэ наградить шIыгъэным ехьылIагъэу

СССР-м и ВЕРХОВНЭ СОВЕТЫ и ПРЕЗИДИУМЫ

### и УКАЗ

Красная Армием Iашэхэр егъэгъотыгъэнымкIэ Обороным и Государственнэ Комитеты изадание гъэхъагъэ иIэу зэригъэцэкIагъэм фэшIы Iэшэ шIыным и Народнэ Комиссариаты и Уральскэ Артиллерийскэ заводэу И. В. Сталиным ыцIэкIэ щытэр **Отечественнэ заом иорденэу а 1-рэ степенымкIэ** наградить тэшIы.

**СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Председателыр М. КАЛИНИН.**

**СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Секретарыр А. ГОРКИН.**

Москва, Кремль.
Июным и 21-рэ 1945-рэ илъэс.

## И. В. Сталиным ыдэжьы г-нэу Б. Берут ыкIи г-нэу Эд. Осубка-Моравскэр щыIагъэх

Июным и 21-м СССР-м и Народнэ Комиссархэмэ я Советы и Председателэу И. В. Сталиным ыдэжьы Крайовой Рады Народовоим и Президентэу г-нэу Б. Берут ыкIи Польскэ Республикэм и Временнэ Правительствэ и Премьер-Министрэу г-нэу Эд. Осубка-Моравскэр щыIагъэх.

Приемым Премьер-Министрэм и Заместителэу г-нэу В. Гомулка, IэкIыб Къэрал IофхэмкIэ Министрэу г-нэу В. Ржимовскэр, г-нэу С. Швальбе ыкIи польскэ Послэу г-нэу Г. Модзелевскэр хэтыгъэх.

Приемым СССР-м иIэкIыб Къэрал IофхэмкIэ Народнэ Комиссарэу В. М. Молотовыр хэтыгъ.

## В. М. Молотовым Министрэмэ я Чехословацкэ Советы и Председателэу г-нэу Эд. Фирлингеры беседэ дыриIагъ

Июным и 22-м СССР-м иIэкIыб Къэрал IофхэмкIэ Народнэ Комиссарэу В. М. Молотовым Чехословацкэ Республикэм и Министрэхэмэ я Советы и Председателэу г-нэу Эд. Фирлингеры беседэ дыриIагъ.

Беседэм СССР-м и Послэу Чехословацкэ Республикэм щыIэ В. А. Зоринэр хэсыгъ.

Советскэ писательхэмэ я Союзы иправление гухэкIышхо щыхъоу советскэ поэт цIэрыIоу, Казахстаны инароднэ акынэу, сталинскэ премием илауреатэу **Джамбул Джабаевыр** зэрэлIагъэм макъэ егъэIу.



1945-рэ илъэсым июным и 22-м СССР-м и Верховнэ Советы ия XII-рэ Сессие изаседаниеу щыIагъэм ехьылIагъэу

## ИНФОРМАЦИОННЭ СООБЩЕНИЕ

Тыгъуасэ, июным и 22-м, пчыхьэм сыхьатыр 7-м, СССР-м и Верховнэ Советы заседаниехэр зыщишIырэ залым, Кремлэм, СССР-м и Верховнэ Советы ия XII-рэ Сессие къыщызэIуахыгъ.

СССР-м и Народнэ Комиссархэм я Советы и Председателэу товарищ **Сталин И. В.**, СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы ичленхэр ыкIи СССР-м и Правительствэ ичленхэр ложэмэ къазытехьэхэм чIэсхэр инэу, бэу зыкъудыирэ овациекIэ апэгъокIыгъэх.

Председателым истолы Совет Союзым и Председателэу тов. **Андреев А. А.**, Национальностхэм я Советы и Председателэу тов. **Шверник Н. М.** ыкIи ахэмэ язаместительхэу тт. **Лысенко Т. Д.**, **Юсупов И.**, **Асланова Ч. А.**, **Кулагин М. В.** кIэрысых.

Председателыгъор зезыхьэрэ т. **Андреев А. А.** къеIо, „Действующэ Армием иличнэ составы хэтхэу зыныбжьыкIэ анахыжъхэр атIупщыжьыным ехьылIагъэу" Законым ипроект СССР-м и Верховнэ Советы ия XII-рэ Сессие хэплъэнэу СССР-м и Совнаркомы къызэрэрихьылIагъэр.

Депутатэу **Селезнев П. И.** ипредложениекIэ СССР-м и Верховнэ Советы единогласнэу Сессием ипорядкэ дня а вопросыр хегъэуцо.

Совет Союзымрэ Национальностмэ я Советрэ депутатэу **Зименков И. Ф.** ипредложениекIэ палат пэпчъ голосовать ащашIызэ, „Действующэ Армием иличнэ составы хэтхэу зыныбжьыкIэ анахыжъхэр атIупщыжьынхэм . ехьылIагъэу" Законым ипроекты зэрэхэплъэщтхэ шIыкIэр мы къыкIэлъыкIорэм тетэу аштэ: Действующэ Армием иличнэ составы хэтхэу зыныбжьыкIэ анахыжъхэр атIупщыжьынхэм ехьылIагъэу докладым Совет Союзымрэ Национальностхэм я Советрэ зэгъусэхэу язаседание щедэIунхэу. Докладым хьылIагъэу прениехэр ыкIи Законыр штэгъэныр, джащ фэдэу Совет Союзымрэ Национальностмэ я Советрэ зэгъусэхэу язаседание ащашIынэу.

„Действующэ Армием иличнэ составы хэтхэу зыныбжьыкIэ анахыжъхэр атIупщыжьынхэм хьылIагъэу" Красная Армием и Генеральнэ Штабы и Начальникэу **А. И. Антоновым** доклад къышIыгъ. Тов. **Антонов А. И.** докладыр къызеухым Совет Союзымрэ Национальностмэ я Советрэ зэгъусэхэу зэдыряIэгъэ заседаниер зэфашIыжьы.

1945-рэ илъэсым июным и 23-м СССР-м и Верховнэ Советы изаседаниехэмэ яхьылIагъэу

## ИНФОРМАЦИОННЭ СООБЩЕНИЕ

Тыгъуасэ, июным и 23-м, мафэм сыхьатэр 11-м, СССР-м и Верховнэ Советы заседаниехэр зыщишIырэ залым, Кремлэм, Совет Союзымрэ Национальностхэм я Советрэ ятIонэрэ заседаниер щызэдыряIагъ.

Председателыгъор зезыхьэрэр—Национальностхэм я Советы ипредседателэу депутатэу **Шверник Н. М.**

Порядкэ дням щытэр—Действующэ Армием иличнэ составы хэтхэу зыныбжьыкIэ анахыжъхэр тIупщыжьыгъэным ехьылIэгъэ докладымкIэ прениехэр. Прениехэм къэщыгущыIагъэхэр: депутатэу **Гречух М. С.** (Украинскэ ССР), РСФСР-м и Народнэ Комиссархэмэ я Советы и Председателэу тов. **Косыгин А. Н.**, депутатэу **Пономаренко П. К.** (Белорусскэ ССР), депутатэу **Байков А. А.** (Ленинград), депутатэу **Лацис В. Т.** (Латвийскэ ССР), депутатэу **Шаповалов Т. П.** (Воронежскэ область), депутатэу **Палецкис Ю. И.** (Литовскэ ССР), трудящхэм ядепутатхэм я Московскэ городской Советы и Исполкомы и Председателэу т. **Попов Г. М.**

Фэмыеу зи къызэрэхэмыкIыгъэм къыхэкIыкIэ тов. **Антоновым** заключительнэ гущыIэ къыIожьыгъэп.

СССР-м и Верховнэ Советы „Действующэ Армием иличнэ составы хэтхэу зыныбжьыкIэ анахыжъхэр тIупщыжьыгъэнхэм иIофкIэ Законыр" единогласнэу ештэ.

Джащ СССР-м и Верховнэ Советы ия XII-рэ Сессие иIофшIэн щиухыгъ.

## Тутыным игъэтIысхьан аухыгъ

НИКОЛАЕВКА, (телефонкIэ къатыгъ.) Красногвардейскэ районым щыщ колхозэу Парижскэ Коммунэм ыцIэкIэ щытымрэ „Социализмэм игъогумрэ" тутын гъэтIысхьэнымкIэ планэу яIэхэр агъэцэкIагъ. Тутын гъэтIысхьаныр качествэ ин иIэу зэшIохыгъэу хъугъэ. Ар дэгъоу къызэрагъэкIыным ыкIи тэрэзэу зэрэдэлэжьэнхэм иамал пстэури зэрахьэ.

Колхозхэу Сталиным ыцIэкIэ щытымрэ „Искра" зыфиIорэмрэ тутын гъэтIысхьаным иплан процент 70-м IуагъэкIагъ.

## Графикэр агъэцакIэ

Кощхьаблэ районым щыщ колхозхэу „Адыг 2-р", „Кабардинец гигантыр" ыкIи Тимошенкэм ыцIэкIэ щытыр мэкъу упкIэныр псынкIэу зэрауухыным фэбанэх. Мыхэмэ мэкъу упкIэнымкIэ графикэу яIэр мафэ къэс агъэцакIэ. Июным и 20-м ехъулIэу пстэумкIи мэкъоу гектари 150-м ехъу аупкIэгъах.

Мы мэфэ благъэхэм мэкъур яфермэхэмэ къаращэлIэжьэу аублэщт.

## Силос тонни 180-рэ зэхилъхьагъэ

Шэуджэн районым щыщ колхозэу „Красный Октябрэм" гъорекIо былым Iус икъоу ыухьазырыгъагъэп. Джащ къыхэкIэу МТФ-м тет былымхэмэ щыкIагъэхэр афэхъугъагъэх.

Джы ащ фэдэ щыкIагъэхэр къызэрэхэмыфэжьыным иамалхэр колхозым зэрехьэх. Мэкъу упкIэнымкIэ планэу иIэр процент 50-м ехъоу ыгъэцэкIэгъах, силосэу тонни 180-рэ зэхилъхьэгъахэ.

